21.000

Адыгэ псалъэ

Адыгэ лъэпкъ газетыр адыгэ цунагъуэхэм ихьащ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№92 (7777) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Тхьди, лэжьыгъи, гугъи ешхауэ

Ди республикэм адыгэбзэкІэ кьыщыдэкІ газет закьуэм и лэжьакІуэхэм хуабжьу гуапэ тщохьу дызыпэрыт Іэнатіэм ехьэлІа сыт хуэдэ гуфІэгъуэри - ирипщыкІури. Нобэ дгъэльапІэр щэч гуэри кьыгуемыкьуэ яхэбгъэхьэ хьунщ гуфІэгъэщхьэхэм - «Адыгэ псалъэм» 1924 гъэм нАкъыгъэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ укъыдэбжьэмэ, кьыдигъэкІа номерхэр нобэ мин 21-рэ ирикьуащ.

ЦІЭ ЗЭМЫЛІЭУЖЬЫГЪУЭХЭР иІэу кьыдэкІа газетым куэдкІэ и фІыгъэщ ди лъэпкъ щэнхабзэр, щІэныгъэр зэрызэрфІэнрар, адыгэхэм къэралыбзэр щыт тхыбзэ яІэ зэрыхьуар. «Адыгэ псалъэр» сыт щІэныгъэхэм я щытащ лъэпкъым и джаІуэу, абы и уэзщІакІуэу. А псори зы тхыгъэ кІэщкІэ къэтІуэтэну дыхущІэкъункъым, ауэ кьыхэдгъэщхьэхукІынщ иджы хуабжьу лъэпкъым игъэльапІэ ди литературэ классик щэрыІуэжу Щоджэнщыкьу Алий, Теуэн Хьэчим, ПащІэ Бэчмырзэ, КІыщокьуэ Алим сымэ ди газетымкІэ гъэзэру техьауэ зэрырщытар. Апхуэдэ дыдэу 30 гъэхэм ди литературэм щІэныгъэшхуэ ябгъэдэлъу кьыхьыхьа адыгэ тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыкІщІэхэм гъуазэ яхуэхьуари ди газетырщ.

Арщхьакіэ тэмэм хьунтэкьым ди газетым уэзщІынигъэ лэжьыгъэ фІэкІа иримыгъэкІуэжьауэ экьипІэныр. Абы и лэжьакІуэхэр зэдни нэсырт, ди щІынальэм махьэкІэ иІэу кьыщыхьу сыт хуэдэ Іуэхъри щІэджыкІакІуэхэм дежь нахьэсыр т. Фіэкьыпіэ имыІэу кьыхэгъэщІын хуеищ дунейм щикъухьа адыгэхэр зэрыгъэщІыхьжьыным ди газетым лэжьыгъэщхуэ дыдэ зэрыхилъхьар. Ди дежщ дунейпсо, тыркУ литературэрэм я классик цІэрыІуэхэу ЕъІгъур Ахьмэд, Щокьуий Ахьмэд, Наурзокьуэ Мыхьмуд, Гъуэлгі Че тин, Кьандур Мухьэдин сымэ, нэгъуэщІхэми я ІэдакъэщІэкІэр адыгэ щІэджыкІакІуэхэм япэу анэдэлъхьубзэкІэ я гащхьэ иэыльхьар. Кьыддекіуэкі хабзэм тету, ди газетымкІэ иджыри гъуэгу тоувэ тхэн кьыщІэхьыдзэ адыгэ тхакІуэ, усакІуэ куэд.

Редакцэм и лэжьакІуэхэм яхэтщ нэхьыжьыфІэкІэри, кьалэмк кьыщраштэрэ куэд мыщІаохэри. Я цІэр кьисІуэну сыхуейт ильэс куэд хьуауэ зи гъащІэр газет лэжьыгъэм тезыхуха Мырзэкъан Суфян, абы и гъусэу зэдзэкІакІуэу лажьэ Тэнащ Анатолэ, республикэм и литератор, журналист щІэрыІуэж эу Къэрмокьуэ Хьэмид, ТхьэмокьуэБарэбий, редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэу ЖьэкІэмыхьу Маринэрэ Ширдий Маринэрэ, жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, абы и кьуэдзэхэу Дыщэкі Соня, Кьаншокьуэ Эллэ, кьудамэхэм я унафэщІхэу Шалэ Мухьэмэд, Уэрдокьуэ Женя, Жылласэ Маритэ, Ныбэжь Таисэ, ГъущІо Зариф, Льостэн Муэз, корреспондентхэу КІэбышъ Лилэ, Истепан Залинэ, ЩхьащэмыщІ Иэз, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Жылласэ Замир, Уэрэзей Рашид сымэ.

ДЭ ильэс куэд хьуауэ кьыддолажьэ икІи ди газетым тхыгъэ хьэлэмэтхэр хуагъэхьэзыр Уэрыщ Нурхьэлий, Дж эдгъэфэ Асльэмырзэрэ Хьусенрэ, Хьымбэзэр Рашид, Дзыцхьуэй Мусэрбий, Щхьэныкьуэ Мусэбий, Кьаердэн Мухьэмэд, Сокьур Жамболэт сымэ, нэгъуэщІхэми.

Дэ сыт щыгъуи дыхущІокьу газетыр гъэщІэрэщІауэ, тэмэму зэхэгъэуваУэ, ихьэщтэну узыІэпишэу фи пащхьэ эрэгитлъхьэным. Ар кьыдэхьулІэу щытмэ, абы я фІыщІэ хэлъщ, тхыгъэхэр зыгъэхьэзырхэм я мызакьуэу, газетыр кьыдэгъэкІыным зи гуащІэ хэзыльхьэ техникэ лэжьакІуэхэмк. Ахэр Дол Маринэ, Гьукіэлі Рае, ШакІуэ Мадинэ, Щомахуэ Марьянэ, Бишу Жаннэ сымэщ. Газе тыр зыхуей ку эзэу кьыдэжьыным я гуащІэ мышІэу хэлъщ бухгалтерхэу Къармэ Иринэрэ Хьэхьужь Иринэрэ, ди корректор хэу Афэ Тамарэ, Щоджэн Иннэ, Табыш Динарэ, абыхэм я дэІэпыкьуэгъу Кьуныш Залинэ сымэ, газетым кІуэ тхыгъэхэр компьютеркІэ кьэзыщІыпхэу Хьэщіыкьу Лидэ, Дзхьу Эммэ, Токъуий Мадинэ, Мэстафэ Юлэ, сурэттех Кьарей Элинэ, секретарь-Іуэхузехьэ Жырыкь Руаннэ сымэ.

«Адыгэ псалъэм» и гуп зэкъуэтыр щІэджыкІакІуэхэ псоми я зэхуэдэ гуфІэгъуэм ирохьэлІэ я кьару илъу, мурадыщІэхэр яІэу.

ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ.

Ди псэукІэр ефІэкІуэн папщІэ

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен дыгъуасэ республикэм и Парламентым зыхуигъэзащ.

АБЫ ТЕУХУА зэІущІэм иригъэІащ Къэбэрдей-Балькъэрым кьыбгъэдэкІыу Федральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Совет тым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, Правительствэм щыщІэхэр, Конституцэ, Арбитраж Судхэм, Суд Нэхьыщхьэм, щІыналъэхэм я унафэщІхэр, УФ-м и полномочнэ лыкІуэу Илщэ Федерал округым щыІэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балькъэрымкіэ и инспектор нэхьыщхьэ Меркулов Александр, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, еджапІэ нэхьыщхьэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэмрэ дин Іуэхущапіэхэмрэ я лІыкІуэхэр, журналистхэр.

Кьанокьуэ Арсен ягъэ щыкІэ зэпсихьащ республикэм и Іуэху зыІутыр, нэгъабэ нэхьыщхьэу зытригъэщІа унэтІыныгъэхэр.

Абы кьыдэригъэльэгъуамкІэ, илъэс куэдкІэ зэтрихьа щІыхьэхэр зытегъэкІыкІыным ехьэлІауэ зэфІагъэкІар мащІэкъым. Ар кьрикІуащ хэщІхэр зэрыдэтрагъыгъам, республикэ бюджетымрэ муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэмрэ я налогэр хабзэ гъэбелджьылам тету зэрыдгъэкІэльагъэкІуам. ИрагъэкІуа лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ мыгъэрей республикэ бюджетым и зэхэгъэувэжкІэр ЮФО-м щынэгъэкІыфу кьальытам.

Президентым кьыдэрихьэщІамкІэ, 2006 гъэм ВРП-р сом мелард 36-рэ хьуащ. Ар ипэ ита ильэсым ельытауэ проценти 104,2-м нос.

Кьанокьуэ Арсен щхьэхуэу и гугъу ищІащ егъэджэныгъэм и Іуэхум, абы и Іэнатіэхэм ягъуэт дэІэпыкьунигъэхэм.

«Гульытэ нэхьыбэ зыхуэщІын хуейхэм ящыщщ дохутырхэм я щІэныгъэм, медицинэ Іуэхущіапіэхэм я дохутыр нэхьыщхьэхэм я Іэзагъэм хэгъэхуэныр. Дэ зэпымыууэ ди нэІэ тедгъэтпчыуэ амбулаторэ-поликлиникэ дэІэпыкьунигъэм зегъэужьыным, диагностикэ кьэпщІэныгъэ-гъэ егъэфІэкІуэным, - жиІащ Президентым. - «Уэынщагъэ» лъэпкъ проект хэхар кьыдэрыхальхьам фы кьрокІуэ. Абы лэжьэн зэрыщІидзэрэ дэкІа щагъуэ щымыІэми, и ефІэкІыныгъэхэр цІыхухэм зыхащІэ. Медицинэм и Іуэхущіапіэхэр нэхъ зэуІуу Іуэхум бгъэдыхьэ хьуащ. Ауэ кьэгъэльэгъуэн хуейщ лъэпкъ проектым щыубзыхуахэм я закъуэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщІэ лъэпощхьэпохэр кьыдэрихьэзэмынэкІынур.

Абы кьыдэрихьэщІамкІэ, ильэс куэдкІэ зэтрихьа щІыхьэхэр зытегъэкІыкІыным ехьэлІауэ

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КІуэкІуэ Валерий и щІэкІа ягъэлъагъуэ

Саугъэтыр ящІу зг

САУГЪЭТЫР хуагъэфэщащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Зумакулов Танзиля**, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал симфоние оркестрым и дирижер нэхъыщхьэ **Темыркъан Борис**, «Налшык» НОТР телеканалым и кинооператор **Карповский Владимир** сымэ.

КІуэкІуэ Виолеттэ пщэрылъ зэрыщищІам тету, саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэм Щэнхабзэмкіэ фондым щариты жащ **Вэрокъуэ Владимир.** Саугъэтыр зэратам пыщІа Іуэхум Дыгулыбгъэй къуажэм щыпащащ. Лауреатхэм удз гъэгъаХэр КІуэкІуэ Валерий и къэащхьэм тралъхьащ.

КІуэкІуэ Валерий и цІэкІэ къыІэрагъэпэща саугъэтыр гъэ къэс иратынущ республикэм и творческэ лэжьакІуэ нэхъ жыджэрхэм.

МЭТЭЙ Ланэ.

Ашхабад щызэпсалъэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Аэнс Курытыр кьызэкІэхуэ. Дыгъуасэ ар кІуащ Тыркуэмэным и кьалащхьэ Ашхабад.

Абы гуапэу кьыщыІущІащ а къэралым и Президент Бердымухаммедов Гурбангулы. ЛъэныкъуэхэР нэхъыщхьэу зытепсэльыхьыр энергетикэм и ІэнатІэщ. КъэралитІым Ізмаильфіхэр яІэщ мыбы зэрыщызэдэлажьэм хуабжьу зрагъэубгъуну. Накьыгъэм и 12-м тепсэльыхьынущ Каспием кьыщыщІаш газыр Урысеймрэ щІыналъэмкІэ Европэм ягъэкІуэным пыщІа Іуэхум. Зэпсэльэныгъэхэм хэтынущ Къэзахстаным и Президент Назарбаев Нурсултани.

Уэсэр кьыдзрыгуэным и закъуэкъым

Дыгъуасэ зэхуащІащ Осетие Ишцымрэ Курджымрэ я гъунапкъэр.

Ар зи зэрарыр лъэныкъуитІыр зэпызыкІэ Транс-Кавказ гъуэгум ущызекІуэну зэрыщынагъуэркъым - иджы хуэдэ зэманым мыбы уэсукъхъуэ кьыщІох. Зи гугъу тІщІы гъуэгуэр зэхуащІыж хуей хьащ Тбилиси итлъэ мыхьэмыщІагъэхэм кьыхэкІыу.

УнафэщІхэр зэрахьэжкІ

Михайлов Владимир щхьэщыхащІ Дз-Хьэуа кьаруэхэм я унафэщІ кьулыкьуэр.

Абы и пІэкІэ ягъэуващ Зелин Александр. Михайловым и ныбжьыр ильэс 60-м щІигъуащ. Хабзэм ипкъ иткІэ, ар а кьулыкьуэм дапэкІэ пэрыт хьэужьнукъым. ВВС-хэм я штабым и унафэщІ хьащ генерал Хворов Игорь.

Псыхэр кьоу

Якутием и щыпІэ зыбжанэм псыхэр кьыщІоу, мыдхэр зэрыткІум кьыхьІыу.

Жылагъуэ зыбжанэм щыпсэухэр ягъэІэпхъуэн хуей хьащ. МЧС-м и лэжьакІуэхэм псыдзэм кьыхаш щІыхури Іэщри.

Сыт щІэудзыфэр?

А ущцІэм и жэуапыр кьыщІальыхьуэ Камчаткэм.

Мыбы зэуэ псыежэх зыбжанэ, ахэр зыхэльадэ гуэлэр удзыфэ щыхъуащ. Химзавод зыбжанэ щолажьэ мы щІыпІэм. Кьуаншэр дэтхэнэрами эхэгъэкІ.

Къэрал Думэм

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и инхьэрэ падзэуэ щыпсэуащ щытепсэльыхьащ Прокуратурэ нэхъыщхьэм и ухуэкІэм зэхьэуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныным.

Мыгувэу а прокуратурэм и деж кьыщІэзрагъэпэщынущ Следственнэ комитет. Мы илъэсыр щиухым ирихьэлІэу а комитетым иратыжьын хуейщ Іуэху зэхагъэкІэр.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Накьыгъэм и 12, щбэт

♦Армением и Лъэпкъ зэхуэсыр (парламентыр) хах.
♦ Накьыгъэм и 12 - 15-хэм Истамбул (Тырку) щекІуэкІынущ Прессэм и Дунейпсо институтым и конгресс.
♦ 1954 гъэм кьызэІуахащ Налшык технологие техникумыр.
♦ 1935 гъэм кьалъхуащ публицист, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист Уэрыщ Нурхьэлий.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 5-рэ дакьикъ 44-м, кьуэдыжьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 24-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 40-рэ.

Накьыгъэм и 13, *тхьомахуэ*

♦ 1783 гъэм Тенджыз ФІыщІэм урысей флот кьыщыхэрагъэпэщащ щыгащ.
♦ Белоруссие Республикэм и къэрал гуфІэгъэщ - Къэрал гербымрэ Къэрал ныпымрэ я махуэщ.
♦1913 гъэм къэбэрдей мэкъумэшыщІэхэм я дзэлыкьуэ восстанэм щІидзащ.
♦ 1913 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, усакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Зеущэ Іуес.
♦1969 гъэм кьалъхуащ кьэбэрдей усакІуэ, драматург, УФ-м и драматург ныбжьыщІэхэм я зэпеуэм и лауреат Кьаныкьуэ Заринэ.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъ 43-м, кьуэдыжьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 25-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 42-рэ.

Накьыгъэм и 14, *блыщхьэ*

♦ Гипертонием пэщІэтыным теухуа дунейпсо махуэщ.
♦ Парагвай Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьэ махуэщ (181).
♦Накьыгъэм и 14 - 17-хэм Вашингтон, США-м и конгресым, щекІуэкІынущ 26-нэ дунейпсо урысей форум. Ар егъэщІылІащ Урысеймрэ США-мрэ ципломат зэпащІыжьыгъэхэр зэрызэхуагъэувэрэ ильэс 200 зэрырикъуэм.
♦ 1955 гъэм Варшавэ ЗэгурыІуэныгъэр зэращІылІащ.
♦1955 гъэм кьалъхуащ композитор Блай Тамарэ. 1990 гъэм лІащ.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 5-рэ дакьикъ 42-м, кьуэдыжьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 26-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 44-рэ.

ПІэлъэкъ, Гущыпъэм.

Уи пасыр зыхэтыр, хьым хьыми, къыгъэІэнщ.

Тэу Пщыкьэн дохьуэхьу

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ, цыхубэм я сэбэн зыхэль Іуэхуфіхэр гъащІэм щыпхьыгъэкІыным зи кьарур езыхьэлІэ Тау Пщыкьан кьыщалъхуа махуэщ, ильэс 70 зэрыриткьур егъэльапІэри, дохьуэхьу республикэм, лъэпкъым гуащІафІэу хуэдэ лэжьэну, и щІэныгъэр мыкІуэщІу, и мурадхэмрэ гъащІэмрэ зэтехуэу, и пщІэр льагэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфІэгъуэмрэ и куэду дунейм тетыну, насыпу кьыльытэ псомкІи Тхьэр кьыцуупсэну ди гуапэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Зэ Іущ І эхэр ■ Спорт ■ Щэнхабзэмрэ гъуэздж эмрэ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Махуэгъэпс ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Алий и тхьІэ

Иджыблагъэ Тыркум кьыщыщІэкІащ тхьилъ, гъэщІэгъэн. Ар теухуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Щэныгъэкіэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми и вице-президент, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд.

ТХЬИПЪЫР зи Іэдакъэ кьыщІэкІа тхьдэтх Чурей Алий дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, ар зригъэхъулІэнкьи куэд лъандэрэ хуиІэкъуэт. Хэхэсдыгъэ нэхъыбэм яІуплъ тыркубзэмкІэ тхылъыр кьыдэкІами, абы ихуащ Хьэфыщіэ Мухьэмэд зыбгъэцІыху тхагъэхэу адыгэбзэкІэ, урысбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ тхагъэхэ, тхыбдэм кьэзэщІимыубыдэфахэр ирагъэкъуж тхылъым ихуа сурэт гъэщІэгъэнхэу Мухьэмэд здэщыІа къэрал, кьалэ зэмылІэужьыгъуэхэм я щытрахьахэм.

ХьэфыщІэ Мухьэмэд теухуа тхылъым кьыщыхьащ ар къэзыщІыху куэдым я тхыгъэхэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Истамбул щыІэ профессор Шурдым Гюнсел, уэрэджьІакІуэ Кьущъхэ Догъэн, Къэрмокьуэ Хьэмид, Уэрэзей Луиз, ЖьэкІэмыхьУ Маринэ сымэ кьабгъэдэкІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Жылагъуэ лэжьакІуэм, тхакІуэм, журналист Іэзэм, цІыху жыджэрым и гуащІэдэкІым хуащІ пщІэм дыщогубгъыкІ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр. Нэхъыбэкіи узыхащІыкІыну, Іуэху нэхъыбІыжхэр къыбдэхъуну дынохъуэхъу, Мухьэмэд!

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

Ебгъуанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Москва» (Мэзкъуу).

Налшык. «Спартак» стадион. Накьыгъэм и 12-м. Сыхьэт 19-м.

"Спартак-Налшык-Д" - "Москва-Д" - 0:1

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт командэхэм я дублёрхэм я зэкьэзэхуэм хьыкьуу дыгъуасэ Партизанэ и «Химик» стадионым щекІуэкІа зэпхуэм апхуэдэ бжьыгъэ кьрикІуащ.

«Спартак-Д»-мрэ «Москва-Д»-мрэ зэрызэдэджэгуам теуха тхыгъэ газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

КъэхъукъащІэ

Уи щІехащ

Бахьсэн куейм хьыхь Куба кьуажэм дыгъуасэ уэшхуэ щІехащ.

ЖЫЛАГЪУЭ администрацэм и унафэщІ Кьэнэмэт Рустам хьыбар кьыхэзырыдигъэщІамкІэ, дакьикитху хуэдизкІэ кьеха уэр мыщІыкІу пэтми, унэхэми жыг гъэгъахэми зэран яхуэхъуакъым, зэман кІэщІкІэ зэрытеужам и фІыгъэкІэ. Кубам пэмыжьжьа Псыхъуерей, Кьубэ-Бэз кьуажэхэм уэр ялъэІэсакъым.

Иужькіэ Къэбэрдей-Балькъэрым и гидрометцентрым игъэзэгъэщІауэ миллиметри 10 - 15 зи кууагъ уэ Дзэлыкьуэ куейм и жылагъуэ щхьэхуэхэм зэрыщІехар. Пакіэу пхрыкІа уэр жыгхэми, щІым кьыгеува гъащІэхэми зэран яхуэхъуакъым.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Адыгэ Республикэм и Президент
Къанокъуэ Аслан
Адыгэ Республикэм и Парламентым и Тхылъ щІыгъуэ
Адыгэ Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент
Къанокъуэ Арсен
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Тхылъ щІыгъуэ
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент
Къанокъуэ Арсен
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Тхылъ щІыгъуэ
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент
Къанокъуэ Арсен

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ПромышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым законхэр къыдэзыгъэкІ (лыкІуэ), гъэзэщІакІуэ я органхэр къызэрэпащынымкІэ псоми яхуэзэща хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 17 статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ямкІ иткІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымкіэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэу зэхъуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я зэхэлъыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 28-м кьыдигъэкІа Указ №66-УП-мкІэ кьищтам зэхъуэкІынигъэ хэлъхьан икІи пункт 2-м хэт «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Промышленностымкіэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэ» жиІэу зэхъуэкІын.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын зы мазэм кьриубыдэу езым и актхэр мы Указым иригъэзэгькыну.

4. Мы Указым кьару егъэут Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2007 гъэм накъыгъэм и 10-м
№35-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ **Уянаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэм** ибыгъ кьулыкьуэр щхьэщыхуахэр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрэу гъэувын.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2007 гъэм накъыгъэм и 10-м
№36-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 29-м кьыдигъэкІа Указ №78-УП-мкІэ кьищтам зэхъуэкІынигъэ хэлъхьэныр и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и УКАЗ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 29-м кьыдигъэкІа Указ №78-УП-мкІэ кьищтам зэхъуэкІынигъэ хэлъхьан икІи Уянаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэм и кьулыкьуэм зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу кьэхьан: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр».

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2007 гъэм накъыгъэм и 10-м
№37-УП

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Ди псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итщ.)

Араш медицинэм и IэнатIэ псоми я материально-техникэ лъабжьэр зыхуэзэр, я зэфIэкIыр здыныкIэр куууэ къыщIэтщIтэр. Ди мурадхэм хохьэ илъэс зэкIэлъыкIуэхэм едгъэкIуэжыну ухуэныгъэхэм, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм, реконструкцэхэм тещIыхьа программ»э лъэпкъэзыру ар гъащIэм щIыхьыгъэжьыну», - кIыхьигъэщащ Президентым.

Республикэм и Унафэщым Парламентым Зэрызыхигъаэзэм куууэ щызэпкърихащ гъащIэмрэ псэуныгъэмрэ кьыззэзыгъэпэщ IэнатIэ псоми нэгъабэ я Iуэхуэхэр зыхуэзадэр икIи мы гъэм властым и кьалэн нэхъыщхьэу щытын хуейуэ кьиллыгъэхэм и псалъэмакъыр тригуэ хуащI. АпхуэдизкIи ВРП-м и процент 15-м щIигъур зых уэзэ промышленностым зегъэужьыныр, Шэрэдж Ищхъэрэ ГЭС-хэм я ухуэныгъэ т еуцш уауэ и кIэм нэгъэсыныр, ГЭС цIыкIуэр щIыныр, ухуэныгъэ комплексым зэхъуэкIыныгъэ инэхр щегъэкIуэкIыныр, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэр щытыпкIэ хьэлъэм кьишыныжкIэ зэкIыпIэ нэрыльагъуэ хэр кьэгъуэгъуэ.

- Дэ псоми ди кьалэнщ ди щIыпIэ дахэм зыгъэпсэхуакIуэхэр, зыплъыхьакIуэхэр гъэкъэси уэру къезыщэлIэну щытыкIэ тэмэм кьызэдгъэпэщыну. ЩIэдзапIэ хьарзынэхэр диIзщ, иджы ахэр нэхьри хэкъуэзэу щIэдгъэбыдэн хуейщ, - кIыгъэльэгъуащ Президентым.

Ерыскъым елэжь промышленностым и гугъу щищым, республикэм и лIыщхьэм кьыхигъэщащ абы и IэнатIэхэр зэтегъэувжьыным кьаруущуэ зэрехьэлIапхъэр.

«АПК-м и лэжьыгъэр фейдэ пылъу зэтеубла хьэм папщIэ Iэмал имыIэу зыхуеину нормативрэ зыкIэ щытыкIэхэр кьызэдмыгъэпэщу хьунукъым. Щым ехьэлIа Iуэхуэхэр хабзэ пыухьидам хуэдгъэкIуэну игъуэ хьуащ, цIыхум фIэфIу кьищтэ сыт хуэдэ лэжьэкIэри кьэдгъэсэбэнкIэ зэран гуэри пылъу си гугъэкьым, ар республикэм и социально-экономикэ гъащIэм кьыгъэхьлIэ имыIэу епхащ», - кьигъэльэгъуащ Кьанокьуэ Арсен.

Апхуэдизу Президентыр кьытеувыIащ дяпэкIэ бюджет политикэр зэрыгъэзэкIуэкIыну щIкIэм, цIыку лажьэм игъэтын хуей гулыгъэм, щэнхабзэм ди гъащIэм щиIыгъ увыIпэм, кьэралыгъэр гъэбдэжьыр псоми ди зэхуэдэ кьалэн ину зэрыщытым, зыужьыныгъэ тегушхуэу щIэзыгъэжьэ збжьэну, ипэкIэ зыгъэкIуэтэну IэщгъасIэлIэр егъэджэным, кьыхэхьным, кьулыкьуэкIэ гъэкIуэтэным иIэ мыхьэнэм, зэкьуэтныгъэмрэ зэныбжьэгъуэгъэмрэ я лIыапIагъым, ар нэхьри гъэбыдэным хуэунэтIауэ яп игъэщIапхъэхэм.

«Щыхъм властым дэыхь хуищу щытын хуейщ. Апхуэдизу тIыгъэгъу дыхуейфэ, ди гъащIэм, IуэхущIафэм кьыкьыхьа мыхьумыщIагъэхэр ерыщу хэдмыгъэкъабзэкьыкIыжу хьунукъым. ИтIанэ бэмрэ властымрэ гъунэгъу зэхуэхьэнчущ, зыужьыныгъэфIэкIэр диIэнщ, псыр зыгъэгъэтхэуну, щIалэгъуалэр зыгъэкIэкIуну хущIэкIу щхьэхуеиуэкIэр, епIыкIыжащ», - ар нэхъ тыншу лъэныкъуэ тхуегъэзэщ, апхуэдизкIэ я мурад бзаджэхэр кьытхуэзэпыудыкIыну», - кьыхигъэщащ абы.

ЗэIущIэр езыгъэжьэкIа Бечелов Ильяс кьыхилхьэри зэхуэсахэр хэплъащ «КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен республикэм и Парламентым Зэрызыхигъэзам и Iуэхуэхэм КъБР-м и Парламентым и унафэм и проектым.

Абы щыубзыхуэ Iуэхугъуэм 4-ри дагьыгри, проектыр зэдзэрэзыуэ кьащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

ЩIыуэпсым теухуауэ

●ЗэIущIэ

Накьыгъэм и 7-м Правительствэм и Унэм зэIущIэ щекIуэкIащ псы ресурсхэм, ахэр здэщыIэ щIыпIэхэм я щытыкIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм теухуауэ. А зэIущIэр екIуэкIащ республикэм и псы-экологие щытыкIэм зэран хуэкъуэ Iуэхугъуэхэр къыщыгъэзэжьынымкIэ, щIапIэхэм я лэжьэкIэм хабзэ хэтлъхьэным теухуауэ КъБР-м и Президентым пщэрыльэ ищIахэр гъэзэщIэным хьыхьэу.

Псэр зыдагьэлажьэ

**Дунеягьэкъэ узыхущIэ, узыхуэпсэу, узыгьэпсэу сыт ж ущ ущ ущ

ТхакIуэ щэджащэ

Шинкубэ Бэгърат къызэралъхурэ илъэс 90 мэхъу

1912 гъэм дунейм кьытехьащ Гуліа Дмитрий и усэхэр щызэхуэхьэса тхыль. АбыкIэ зэхэубла хьэщ ди Къэбэрдей и усэхэр щызэхэзыгъэ литературэмрэ. Гуліа Дмитрий зэкIэлъ литературэм и кьару илыьгъэщ нобэ, абы щалажь зи гущыІэм ин, зи псальэр жан тхакIуэ, усакIуэ кудэ - я лъэпкь литературэм и фIыщ ямыжьхэ щагъэлэн яхэзэфIэкIащ.

АбыкIэ литературэм и цIэмрэ и щIыкIымрэ жаужьэ щызыгъэлэ тхакIуэхэм я ящыщщ Шинкубэ Бэгърат, абы и усыгъэхэм, повестхэм, романхэм ягъэбжьыфIэ ди кьуэш лъэпкь хахуэм и тхьбзэр.

Шинкубэ Бэгърат Василий и кьуэр Члоу абхьаз кьуажэм 1917 гъэм накьыгъэ мазэм и 12-м кьыщыхьащ. Сыхьым дзэт педтехникымрэ пединститутымрэ кьнухащ, аспирантурэми щеджащ.

Къуэкьыу лъагэ кудэ зэрихьащ Шинкубэ Бэгърат Абхьазым и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу, Абхьаз республикэм и Совет нэхьащIхьэм и Президиумым и тхьмадэу щытащ, СССР-м и Совет НэхьащIхьэм и депутату зыбжанэрэ хахащ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Абхьазым и цIыхубзэ тхакIуэ цIэ льапIэхэр хуагъэфэщащ. Шинкубэ Бэгърат куэдрэ къэкIуащ ди хэкум, абы фIащауэ щытащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубзэ тхакIуэ цIэ льапIэр.

ТхакIуэр 2004 гъэм дунейм ехьжащ.

1938 гъэм кьыдэкIащ Шинкубэ Бэгърат и яІэ усэ тхылыр, абы лъандэрэ, дунейм тетых у, зы махуи иГэтIылъакьым тхакIуэ кьыщымыГуащIафIэу, Іуманхэу кьыщIэкIащ а кьалэмыр; Шинкубэ Бэгърат и Іэдакъэщэ мы дунейм ехьыжащ, ауэ лъэбакьэщэ езыгъэчэ тхыгъэ куп щIафIэ куэд - усыгъэ хьэлэмэтхэр, повестхэр, «Си лъэпкъэгъуэхэр», «Къуршым и пшыналъэ», «Мывэ кьуэтахуэ», «ЖылакIэ» романхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри абхьаз литературэм и хьатыгъэфIыгъэ нэхъ льапIэ дыдэхэм ящыщщ. Псом хуэдэжьыкъ «ЖылакIэ» романыр - дунейм кьызэрытехьэхэзу, ар цIэрыІуэ дыдэ хьащ, бзэ Іэджэкъэ зэдзэкIащ. Ар адыгэбзэкIэ зэдзэкIащ 1989 гъэм Налшык кьыщыдэкIащ, и тиражыр экземпляр мин 15 хьуащ.

«ЖылакIэ» романым лъабжьэ хуэхьуар кавказ бгырыс лъэпкъхэм ящыщ зым - убыххэм - я щхьэм кьриІуэ насыпышагъэрэ, абы и пэжыпIэр, и щхьэр течауэ, иІуэтэфащ Шинкубэ Бэгърат. Убыххэм я нэгу щIэкIа гукъэтгъуэм и закъуэкьым «ЖылакIэр» зи тхыдэр - Кавказ зауэм дунейм трикъухьа дерзыкъ. Тхакъэлъхьхэм я тхыдэри ар, и Іуэрыгъэ зи тхыгъэм фIэкI кьыщIэмыкIатэми, Шинкубэ Бэгърат и цIэмрэ и фIыщIэмрэ лъэпкъ хэм игъащIэкIэ ящытгъупэнтэкьым.

Куэдым урегъэгупсыс, укьыхуегъэуф «ЖылакIэ» романым. Убыххэр щIым щIыкIэжащ, я гъэпсыкIэ дунейм кьытранэри. Зы льэпкъи зы бзи кьащIащ хуэнькьым убыххэм я щхьэм кьриІуэр - дунейм кьыщытехьа маХуэм кьыщыщIэдзаэу апхуэдэ хуитныгъэ иІэщ дэтхэнэ льэпкъым. Я нэхъ льэпкъ цIыкIу дыдэхэм! Псоми я щхьэгъуэзэ мы дунейм ехьыжащ, зыр зым имыІмэ, зыр адрейм емытэгъэкIэ. Дунейм нобэ хабзэ щохьу ар, арыншамэ убыххэм я натIэ хуэарыщ Іэджэм кьащIэльыр - ар тыгъуащ зыхунькьым льэпкьышхуэхэмэ льэпкъ цIыкIуэхэм. Зи кьару и тIыкIэ, зи Іуэрыгъэ нэхъ жаным и упIэ дыдэхэм ящыщщ. Псом хуэдэжьыкъ «�жылакIэ» романыр - дунейм кьызэрытехьэхэзу, ар цIэрыІуэ дыдэ хьащ, бзэ Іэджэкъэ зэдзэкIащ. Ар адыгэбзэкIэ зэдзэкIащ 1989 гъэм Налшык кьыщыдэкIащ, и тиражыр экземпляр мин 15 хьуащ.

Араш псом япэ уэзгупсысыр, Шинкубэ Бэгърат и романым ущеджакIэ. Апхуэдэ кьару иІэщ «�жылакIэ» романым - убыххэм ирахэ лейр хэІуцIыІу щыхуащ абы, нобэрей щIэблэм и пащхьэм ирилъхьащ а лейм и пэжыпIэр. ШIэблэр хуитщ ар зэрызэхищыкIынумкIэ - псори зэлъытар абы и акьыыпмрэ и щIэныгъэмрэ. ТхакIуэм и кьалэныр игъэзэщIащ - Іуэрэ залымыгъэкIэ дунейм трахужа льэпкъ насыпышэм и тхьдэ гуузыр ди пащхьэ кьриІыхьэн, ар ди псэкIэ, ди фэкIэ зыхьидигъэщIэн хуэзэфIэкIащ.

Убыххэм я натIэ хьуа насыпышагъэм зэрэзэ ящыщ 15 и пэмэ кьеуалIэ пэтащ абхьазхэмэ - дунейм трахужьми мурад ящIри, курыхьэм я дзэр кьэзэрыгуэуэ щытащ Абхьазым, яхуэзфIэкIатэмэ, зыгурагъэльдэнут абхьазхэр, я хэкум кьыззэрыраХунур ябгыщIакьым. Аращ убыххэмэ пращIэр. Ауэ гъэпсыкIэ дунейр нэгъуэщI хьащ - абхьазхэм кьадэщIынрэ кьадэIэпыкьунрэ тетщ нобэрей дунейм: абыхэм я хэкур щахьумащ зэрыпхуэкIуэхэм, ар хамэм и Іэмыщ1э ирилъхьэн мурадри яІэкьым. Абхьазыр нобэ зи щхьэ хуит кьэралиІ - арат убыххэри зыщIэбэнар, ауэ зи щхьэгъэлакьым. Сыт абы и щхьэусыгъуэр - ар тхыдэм зэрирзэзэхуэнщ. НабдзэгубдзапIэу упкъыредыжьхьмэ, а упIущм и жэуап хьюбгъуэтэ Шинкубэ Бэгърат и роман цIэрыІуэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

ШИНКУБЭ Бэгърат

Убыххэм я иужьрей хасэ

"ЖылакIэ" романым щыщ лычыгъуэ

ТЫРКУМ ДЫКЪЭIЭПХЪУА нэужь, меджлисКIэ еджэу зэхэтхащ абы, ди хэкум хасэкIэ дыщеджэрт, Іэпткьым и унафэр зыІэщIэлъри арат. Цыхуу пщыкIуэ хэст хасэм, садзэмрэ ахъчыпсохэмрэ я цIэкIи цIыхунтI; садзэмрэ ахъчыпсохэмрэ абхьаз лъэпкъщ, ауэ а лъэхъэнэм ди дежкIэ нэхъ зыкъгарагъэщIат.

У быххэм я хэкур жылащхьэ пщыкIуэ хьурт. Тыркъуэр вилайеткIэ здджэм хуэдэщ жыхуэсIэр. Хасэм хьэхьэр жылащхьэхэм я тхьмадэхэрт. Абы ди жылащхьэм я цIэкIэ хэсыр Ало и кьуэ Шардынт. Ар ди жылащхьэм я тхьмадэхэмэ нэмыщI, хасэм нэгъуэщIитIи хэст: СыхьэтджэрэйкIэ здджэ жылэ кьадымрэ МусэкIэ еджэу нэгъуэщI зыр; Мусэ щIэныгъэ бгъэдэлъу кьыщIэкIынт, едэжьIэрэ тхэкIэрэ ящIэрти, хасэм кьыщыдгуэхэщр итхьу щыст. Абы и макъ зэи щызэхэсхьыкьым хасэм, и щхьэ щIигуауэ тхэуэ щыс зэпытт, Іэнэ щIыкIым зытрубгъауэ; Іэнэ щIыкIым кьабзийхэр тезт, зэ зыр, зэ адрейр кьыщтэуРэ кьэрыІ хьэрф хэр иритхэкIырт, зы псалъи димыгъэхуу.

Хасэр щыізэхьыхэр Мытхэс жьыІэрт, абы езы ЫэжьI Джырандыкьуи ХьэжьI Джырандыкьуи и Іъэпкъри, БэрэзджкIэ, дэст, Гъэмрэкъуи хасэр жыгей гуэрэпыщхуэм и жьауэм щызэхэст, щымаХуэм хъуэщ унэм щызэхэтIысхьэрт.

Хьэщ унэращ убыххэр Тыркъуэм Іэпхъыуэн зэрыхуейм и унафэр щащIар, Сэрэ срихьэлIэгъащ а хасэм. Хьэщ унэм кьыщаухэса унафэм и фIыгъэщ убыхыбзэ зыщIэж Іэ зым фIэкI нобэ кьызэрымынэжар.

Гъатхэ пасэт, жэщым уэшхыщхуэ кьеешхат, апхуэдизкIэ уэшхыщхуэти, уэсыр иритхьэсэ хьжат, кьуэ кIуащIхэм кьыщыщэтенам фIэкI къэмынэ жауэ, Іэшхъ нэужьым уафэр бзыгъэ хьжащ, ауэ ХьэжьI Джырандыкьуэ дыщыгъуэу хьэщ унэм дыкьнэсыху, дунейр кьызэIыхьэрри, уэшхрэ уэсрэ зэщIэлъу кьех хьущ.

Апхуэдэ махуэм и унэ кII щыІэтэкъым, щхьэж и жьэгу дэсыкт. А махуэр пэгъуэщIт: щыхур Іуэт, хьэщ изыхуэу, пэщхьейуэ зэ хэтт.

Хьэщ унэм пэмыжьыжьэу щепсыкащ ХьэжьI Джырандыкьуэ. Хасэр зэхуэсауэ кьыпэпIырт абы. ХьэжьI Джырандыкьуэ и ужь иуэри, хасэм хэсхэр хуэщи унэм щIыхьащ.

Хьэщ унэм щысытэрыуамрэ щыізэхэх хамрэ ноби си нэгу щIэтщ, фIыуэ сощIэж, сщIэжьыр пхуэсIэуэтэжьищ. ХьэжьI Джырандыкьуэ и щхьэ хуэу тIысащ, абы и бгъуитIымкIэ щыізэхэтIысхьащ адрейхэр. Абыхэм я щIыбкIэ кьыдэуващ бгъащ хуэу акьыл зиІэкIэ дыізэдджэхэр; кьыщыхэкIа пIэлпкъкIэ мыщIэрыІуэми, абыхэм я псальэм пщIэ иІэт, я чэнджэщ унафэм халъхьэфырт. Щолэхъуи ящыщт абыхэм - тхьэпщ лIыжьыр. ХьэжьI Джырандыкьуэ хасэм зэритхьэмадзэрэ куэд щIат, абы срищхьэхьуэмэти, хъуэщ унэм сэри увыпIэ кьыщысIтысырт, ХьэжьI Джырандыкьуэ и щIыбкIэ.

А пщэдджыжьым псом я ужь кьинауэ хасэм ІэкIыхьэ жьыІэ кьадырщ - СыхьэтджэрэйI. И Іитыр и жьакIэ цIырхьэ хуитхри, зэчыр кьыхидза хуэдэ, и макъыр кьикIэзыскIащ абы:

- Абыхьэм и гущIэгъуэ дыхинынкьым! - ИтIанэ и Іитыр и бгъэгуу щызэрэдзащ, и пщэр хитщ, цIыкIуэ Іувым яхэпльащ. - Ди натIэм итым дыфIэкIынукъым, ар Алыхь Іэмырщ. Алыхьым нухакIэщ: мы хэкур дыбгынэн хуеІщ дэ, пIалъэкIэ нэхъ мыхьуми, дыбгынэн хуеІщ. Ауэ Алыхьым кьыгъэтуху хар, абы деувэлIэн хуеІщ, дэ нэгъэщIэ гуГъапIэ диІэкьым. Джаурэм ди хэкум драху, хъм дыізэпрыкIмэ, жэнэт щыІнатэр кьыптпонгъэ. Дунейм псом и щIэтъэныкъуэр Іэщізэжьэ тыІри, щIэтъхьым, пащтыхьым Іэпплэешэкъ Іэ дригъэблэгъэнущ. МусЫрым щыІнатэщ Іэщ ди кIуапIэ хьунур. Ар щытщIэкIэ, зи щIыхьыр ин хьуН жьыІэ, сыт дыхьипIэр, зыщIэ Іэщ Іэмкъэр, сыт жьызоІэ! Ярыс инэралхэм кьытхуэмурадар фощIэ. Псыжь дызэпрахуну аращ. Псыжь дызэпрахуну ди Дин зрыдагъэкIэн итIанэ, джаур дыхьункъым псорИ! Хэт пхуэкIуэн а жьыхьэнымэм? Жэнэтым и бжэр зэІуГъэузэщIыкIакъэ, ТыркумкIэ дгъэзэмэІ

Сыхьэтджэрий и псальэр я щIипэзэкъэтэкъым щIыхум, куэд щIат апхуэдэ псальэмакъ зэрилытIыщрэ, ауэ зи хуэдизу иригъэлеинкIэ иджыпсту зыри пэпIыгъэзнтэкъым.

ИтIанэ сэ гу лъыстащ зыбжанэм ар кьабыл зэрэдгъэхуэм - я фэкIэ кьапщIэрт, я жьакIэ Іэмыуэтэмк. Кьадым и псальэр шэуэ зытехуари мащIэтэкъым.

Бэрэкьей и кьуэ Наурыз, блэ зэуам нэкьей, кьыщыщIэтащ. Цыхьэ пхьашэт Бэрэкьей и кьуэ Наурыз, хэ и жьакIэ Іэмыуэтэмк. Кьадым и псальэр шэуэ зытехуари мащIэтэкъым.

Бэрэкьей и кьуэ Наурыз, блэ зэуам нэкьей, кьыщыщIэтащ. Цыхьэ пхьашэт Бэрэкьей и кьуэ Наурыз, хэ и жьакIэ Іэмыуэтэмк. Кьадым и псальэр шэуэ зытехуари мащIэтэкъым.

- Мыр лIым я хасэкьым! Мыр фызымрэ джашыдзымрэ я теупIэщ! Махуищ хъуаи дыхьэжэщ, джэщ дзаыуэ дызэжэсынумэ, цIыкIухъу щыгъыныр зыщыщдбгъэ, ди напэр зыгедмыгъэхыж, пIэІэ зетхъэну тхуэфащэкьым дэІ Іэпъэщ зытедбгъапхъэн, жьэгум дыдэ-дзауэ, джаурэм ящIрипIэзжакьым, тIысыжри, иБгъукIэ игъэтIыпIащ.

- Захуэщ, Наурыз! - кьыхэкIиикIащ зыщыпIпI.

- Дэ дыгъэркьым, Іэпхъэпх дызыщыщыни кьэкъуэкьым! - и ІитIыр и бгъым ригъэувэри, кьэпсэпащ Хьыбрыпсэ и кьуэ Мурат. - Дэ зымдмтмэ, Іэщэр дымытIыпхъмэ, псори ди ужь иуэвэнущ.

- Іэщэр дгъэтIылъынкьым, ди псэм деблэжьнкьым! - кьыхэкIиикIащ зыщыщ. - Хэт текIуэнкьым, зыщIэ щыІэкъым - дэра хьэмэ ди биИхэра?

- Зэ фыкьыстримыч. Іупсыси сиатэщ, щыжьаІар нобэ хуэдэ зы махуэщ. Жьмы-гъэщIэ кIакъэуэ щIэтIу мэ, уи Іэкіэ зыбгукIыжауэ аращ, - кьахэпсэлъащ Сит. Ар ди благъэ лIыжьэт, цIыху губзыгъэт, и псальэм щIы и Іэу къэгъуэгурыкIуат. Щы и нэгъэщI гуэр щхьэкIэ тIу дзэгъэу зэхуэхьуэмэ, апэ зэкIуалIэр арат, ар я хеящIэт, чэнджэщгъэт. Хьэжьы Джырандыкьуи и лIыпатэр абы и псальэр.

Сит и макъыр щызжажьы, псоми зыхурагъэзэкIащ абы ди лIыкIыныр. Ар ди лIыкIыныр афIэкI кьыпидзакьым.

- Уэ уцIыху Іущщ, Сит, - жиІащ Хьэжьы Джырандыкьуэ. - Псальэр кьыщыхэбдзакIэ, и кIэм нэгъэс. Уи псальэ зэхэтхьыну дыхьеящ.

- Си акъыл мащIэм кьыжьтIэсэн Іуэкущ, - жиІащ Сит. - Си кьунщ зауэм Іутщи, тIыы ягъажэ, я Іуэху зытети сыщыгъуэзэкьым, ауэ псэуэ кьагъэзэжмэ, пIыри деувэтIэнщ фри унафэм, ар сыт хуэдэ унафи ирехъуи. Дыщыврывэлъэтуэ зыщ - фемыпIэщIэкI, фегупсыс унафэм. Дыщыбмыгъауэ! Нэхущ ваегъэмрэ пшапэ вагъуэмрэ зэхэмыгъэгъауащ! Нэхущ ваегъэрэщи си нэ кьыхьхуинкIыр, атIэми пщыхьэщхьэ вагъуэ сльагъуу кьысфIощI, ари Іъы заІэрэ нэпс пщIырым зэщIищтауэ!

ЙужькIэщ, куэд дэкIа нэужьщ, лIыжьым и псальэр сигу кьыщыкIыжащ. А мафхэ сегупсысакъым абы, гуи лъыстакъым. Сэ си нэр зэтар нэгъэущIт: лъэпкъым и унафэр зыщIынымрэ ди унагъуэм и унафэр зи Іэмыщ1э иныкьрэ.

Хьэжьы Джырандыкьуэ щымщ. Зыри зэмызэгъкIи быдапIэ кьысщыхьырт ар, кьэзыгъэзыхэни кьэхъунтэкъым. ЕмыкIу сыкъэпщынкьым, Шэрахъ, бегъымбарри си фIэщ хьуртэкъым абы щыгъуэ. Хьэжьы Джырандыкьуэ си фIэщ зэрыхъум хуэдэу!

ЗауЛрэ щымащ псори. Иужьым кьэтэджащ Бэрэкьей и кьуэ Ахъмэт, Наурыз хъжьыкъым и шынэхъышIэр. Ар пIабгъуэт, и шынэхъыжьым хуэдэу, ауэ бгы псыгъуэт, іэныстэкIэ зэпыбгъэпытынкъэ жьыпIэну. И жьакIэр кIэщIу пыгъэщхьат, и ещI фIыщIэм джанэ хужьыбзэ кьыдэщыырт. Сэ сщIэрт абы Шъжьы Джырандыкьуэ тепIъэ зэрымыхъэр, тепIъэ мыхъуми, ибзыщIырт, ар кьыдищIэмэ, Бэрэкьей и кьуэ Ахъмэт урысхэм дежкIэ ебгъунтIэкIынкIэ шынэрти.

Бэрэкьей и кьуэ Ахъмэт псэлъэн щIидзакьым занщIэу. И дыжьын кьамэм теIэбэщ, и дыщэ сыхьэтыр кьрихрри зэтриІэпкIащ, зэтриІпэкри, и жьыр иритыр? Куржьри урысри чыристанщ, я диныр зыщ, аращ щIыкIэгурыІуар. Дыдмычлыымэнщ, игъащIэм драбийщ джаурым, игъащIэкIи драбиинжу.

Ар жиІэн щхьэкIэ, кьэтэджащ СыхьэтджэрэйI. Ар жиІэри, етIысэхьжащ, кьыпэрыуэжьнIакIи гуГъакьым.

Бэрэкьей и кьуэ Ахъмэт пэрыуэжащ:

- Зи пщIэр ин Сыхьэтджэрий, - жиІащ абы, - чыристан диныр кьэштагъэ щытащ нплъэс мин и пэкIэ, абы ущытгъуэзэщ, сэр нэхъэрэ нэхъ ущыгъуэзэщ. Дымуслымэну зыдолъытэж нобэ, итIани хъуромэрэ Іуг1ыжри зыхэднакьым. ГъащIэ бийуэ драІакьым джаурым, демыбиинт тхьэкIынуц дяпэкIэ... Наурыз и пыIэр унэ пIэгум иридзащ абдежым, и кьамэр кьрипхъэуэщ.

Ар адэм и кIыхь тхъэ зэрысIуар зэхэпхащ, Хьэжьы Джырандыкьуэ! Мыр мы унэм иджьытпущIэ щIымэхуэ, мэлым хуэдэу си Іэкіэ фIэзгъэжьыжинщ! Бэрэкьей урикъуэкьым нобэ щIыщIэдзауэ, Ахъмэт, дэри дызэшкьым, уэ укъымалщ, укъыдэпщыкащ! Ікі ди пащхьэ!

Кьыбгъэдэсхэр кьапхъуэри, Наурыз зэтраубыдащ. Хьэжьы Джырандыкьуэ кьэтэджащ, и Іэр и щыбгъкIэ щыізэридзащи, кьокIукI-нокIыкI. ИтIанэ хуэмурэ бгъэдыкьащ Ахъмэт, Бэрэкьей и кьуэм:

- НэгъуэщIи сыт кьыдженпIэн, Ахъмэт? Ярыс инэралхэм уэзрыдашэхэра кьыдженпIэну? Инджьлызым уущыщIам, дыщэ сэшхуэ кьуатащ. Ярысхэм ящIрагъэхуар сыткIэ? Инджьлызым укьикIыжри, Іэджэкіэ дыкъэбгъэгуащ, Инджьлызыр кьыддэІэпыкъуну кьыдженIащ, урысхэм дебуштащ. ЩыхупIэм щхьэщыт жьыгым и кьудамэм дыфIэсщ жьыбоІэ нобэ, абыкIэ умыкьуаншэу жьыпIэну ара иджы? Ар пэжщ, щыхупIэм уущхьщыхьакIэщ уэ!

- ЩыхупIэм дыщхьэщыхьащ псори. Псом япэ щхьэщыхьар уэращ, ХьэжьI Джырандыкьуэ, - зэрыІэзгъым тету, жэуап кьритыжащ Ахъмэт. - Инджьлызхэм дыкъагъэпщэжамэ, зи лажьэр сэра? Пэжщ, инджьлызы Іэщэ кьыфхуэсшащ, мащIэ кьыфхуэсшакьым. Иджы кьыЗгурыІуащ; дэр щхьэкIэ езэуэнукъым инджьлызхэр ущыпсучъ пащтыкьым. Дыхэт дэ инджьлызхэм я дежкIэ? ЩIыху Іэл хьушэщ! Лондон сыщыдэтхьм, ахэр нэхъ зэпхуэ ди фащэрэ - я щыпэ лъагъуэ! Дызэхэт мыгъуаГъэр кьаэзэрыфIэуэхуа слъагъуакьым! Урыс инэралкIи сумыгъэшынэ нобэ! Ди щIым щозаэу, итIани яубыдар яІакьым, ди щIыхьэхэмэ лей кьыраракьым, ди сабийри яшхакьым, Щамилл и унагъуэри яубыдащ, ауэ яІакьым. Урысейм яша кьыдеиуэ аращ. Дагъыстанхэмэ зраташ, ахэри яІакьым, я унэ кьинэжащ. Ди гъэнэгу щапсыгъэхэри фочъагъуэ: ЩыхупIэм кьыкIи-ящ абы Хьэжьы Джырандыкьуэ.

Лыр, и щхьэ кьыфIэхуауэ, щIэкIыжащ. Хьэжьы Джырандыкьуэ ибзыщIыр хасэм я пащхьэ щIыуэтащ абы, ар хуэбдэ хьурэт? Унафэ щIащIэмэ, хасэм ущIеджэкьынур сытыт? А псор кьызгурыІуакьым абы щIыгъуэ. НужьклIэщ кьыщIыгурыІуар.

- Хасэм хэтым фIэкI кьэтмынэу, псори щIрекI, - унафэ ищIащ ХьэжьI Джырандыкьуэ. - Уэри щIэкI, Бэрэкьей и кьуэ Ахъмэт !

Унэм дыкъыщIэкIащ. Бэрэкьей и кьуэ Ахъмэт ди ужьыщ кьыщIэкIар.

ПщыхьэщхьэхуэгъэзэкI хъуат, пшэр зэкIэщIихужат, ауэ жьыбгъэ щIыІэ кьеплъэщэрти, дыгъэр уэгум идинхьауэ кьыпщыхьурт. ЩыхупIэхэр Іуэ кьыззэрихьуам гу лъыстащ, хэтт шууэ, хэти лъэсу кьеКIуэлIауэ. Ди адэр щIэх яхэслъэгъуакъым цIыху Іувым. Иужьым, езыр си дамэм кьыпгеІэбэри, лъэныкъуэкIэ сыІуишащ.

- Сыт хасэм я унафэр: дыІэпхъуэрэ, хьэмэ дыкьынэрэ? - кьызэупщIащ ар.

- Иджыри мэхасэ, - жьысIащ сэ.

- Ухасэу уэзэхэкIэ сыт и мыхьэнэжэ? Зэманым ищIакIэщ унафэр, - и щхьэ хужиІэжащ ди адэм.

Бэрэкьей сегъэщIауэ сыздэщыстым, хасэм хэтхэр хьуэщ унэм кьызэрыщIэкIар сльэгъуащ. Хьэжьы Джырандыкьуэ я пашэт.

Щыхур унэм екIуэтэлIащ.

- Ди унафэм фыкъедгIэуэ, - жиІащ ХьэжьI Джырандыкьуэ, и макъыр иІэтри; «фыщэс!» жиІэнкIэ Сыщыгугъырт сэ абы иджыри. - Ныжэбэ жэщ ныкьуэм зауэр догъэуфыІэ. Бийр кьыгтеКIуащ дэ, ди пльэхэр яубыдащ, ауэ дэ я лъэгу дыщIэувэнкьым! Нобэ дызыьхэуа гузэвэгъэуэр итьагъури, тырку пащтыхьым и щIым и нэхъыфIыр тхупичащ, кхьухьхьи кьыштхупгъэкIуащ, хьим дыьэпрашьи щхьэжьэ. Мы-бы кьыщыщгъэззэкьи зэмахуэрэ кьэсынщ, тырку пащтыхьым и дзэр тщIыгъуу кьэдгъэззэкьынщ. Ди дъахэр дыбгынэн хуеІщ нобэ, дыгъужьым зэкIэщIихуа мэл хуэщI щыкIэуэкъым гъэзу я дакьинкъэм. Нобэ си нэгум щIэтщ а пащхьэщхьэр, мафIэм и нэхум ноби хьэпотэ-гъуэ щысу гуфиекIэр.

ЗэзыдзэкIар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

"Шэрджэсхэр я щыпIэм йоІэпхъуКI".
Сурэтыр **КЪУЭН Асльэн** *ищIащ. 1993 гъэ*

Мафтхъадис

ЗЫГЪЭПСЫХЬУМ МАХУЭМ

ЫВЫЭРЭ тепыІэрэ зимыІэ зэманым цІыху гъащІэр гущІэгъуншэу зыІэщІелъхъэ. Ауэ, дэтхэнэ зыми лъэужь пыухыкІа гъащІэм къыщІэн. Лъэужьыр хэмыгъуэщэжыныр елытагъ абы цІыхубзм, лъэпкым яхунщІэфам.

ЕгъэджакІуэ, гъэсакІуэ инкІи уэзэщакІуэ Жылау Нурбий псэ хьэлэлкІэ къэралым цІыхузэжьам кІыззэринэкІа лъэужьым и мызакъ уэу, Зеикъуэ къуажэм къыщІэзыгъэпэщІауэ щыта музейр и фІеплъу кІэитхуигъэнащ. Макъамэ езджапІэм и зы пэш хуэхэщ зи гуГэу тщІы музейм. Мыбы щыпльаГэу экспонатхэр зы ильэскІэ зэхуэхьэса хьуакъым, лІы щэджащэм и гъащІэм и зэхуэдитІым нэхьрэ нэхьыбэр а лэжьыгъэм тригъэжІыдауэ жыпІэмэ ущыужнукъым.

Ар хуэнэхъуеиншэт адыгэ лъэпкым и Іэхур егъэфІэкІуэным ехьэлІа сыт хуэдэ лэжьыгъэми. Еджапім ящыщ зэрригъэпэща литературэ-хэкудж кружокым хэт цІыкІуэхэр зыдигъэІэпэкьуупэ зэхуихьэ Нурбий хэлъэшІэхэр, цІыкІу Іущхэм, зауэм хэтахэм, дзэкьыгъэм, щэнхабзэм щыпрытхэм я суратхэр, абы хэм ятеухуа гукъэкІыжхэр. И кьуажэгъуэм Іуэхур зытетыр къагурІуа нэужь, куэдыр абы кьыхуэгупсаш я унэм щахьумэ хьэпшыпхэмкІэ.

Кьагъуэтар кьрахьэлІэкІэ зэфІэкІыртэкъым - экспонатыр кьыздикІар, кьэзыгъэсэбэпу щытар, щаща гъэр, зищІысыр еджакІуэм итхыкьым хуейт. КлассщІыб гъэсэныгъэ лэжьыгъэ пыухыкІа хъурт мы Іуэхур. Япэрауэ, кьэхутэныгъэ лжьыгъэм хэша хьуа сабийр хьэулейуэ уэрамым дэттэкІым, абы кьинудэ лІэ лъэпкым и тхыдэм и напэкІэ цІыхэм ириплъэну Іэмал игъуэтырт, тхэным Іэкіуэльакіуэ хуэхъунымкІэ сэбэп хъурт, нэхъыжьхэм епсэлыпІэмкІэ адыгэ хабзэм, къэсым и купщІэхэм нэхъ куууэ гу льатэрт, езых эри зэрызэхалъхьэным хущІэкъурт.

Музей кьыззэрыІуахар гулъытэншэу кьэнакъым - ильэс зыбжанэ дэкІыу, жылагъуэ мыхьэнэ иІэу кьаІыта нэужь, 1967 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м абы и хьыбар къэрал псом щыІуащ: «Нобэ, Кьэбэрдей-Балькъэрым щыІпэ у, лІыхьужьыгъэмрэ гуащІэдэкІ Іэмкъэзмрэ я музей кьыщыІэуахащ Зеикъуэ бгыпс кьуажэм. Мыбы щІэзэхуэхьсащ граждан зауэм, Хэку зауэшхуэм кьуажэдэхэм щыІэзрахьа лІыгъэр кьэзыІуатэ дэфтэрхэр, суратэхэр, кІэпшыпхэр. Стенд щхьэхуэхэр Совет властым и лъэхъэнэм бгырыксэм я гъащІэм кьыщыІэуа зэхьуэкІыныбгъэ инхэм теухуауэ» - Совет Союзым и телеграфиэ агентствэм и хьыбар мафІэм ГУ гъэхъэгъ.

- Дызыхэту щыта кружокым зи лъабжьэр игъэтІылъа м у зейм и цІэр жыжьэ зэрыІуам дэ дригушхэрт ищІыгъ Гуащэ хъуат ди ерЪзджакІуэм и лэжьыгъэм пщІэ зэрыхуащІар, - игу кьегъэІыж «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ ХьэфІыщІ Мухьамэд.

Кьыпэкіуэ лъэпкъ щымыІэу езым и жэрдэмкІэ илэжь республикэм щыщхэр щыпэкІурт, Москва, Ленинград, Орел, Налшык кьикІыу музей лэжьакІуэхэр кьекІуалІэрт, Іуащхьэмахуэ зыплъыхьакІуэ кьакІуэ туристхэр яфІэтелъыджкІуэ епльхэр т, хамэ кьрал щыпсэу ди лъэпкыждэру хэтауэ Социалист ЛЪжьыпэм и ЛЪлъхьэщ щІалъапІэр зыфІащахэм, ящэ щІэныгъэлІэу кандидат, доктор щІалъапІэхэр зыфІащахэм, ноби абыхэм я щапхъэ екІум ирикІу экзм я с урэгъэ, ятеухуа тхыгъэхэр ящыгъуу, щыбо льагъу.

КІэщу кьыпІэмэ, музейм щІэ лъ дэтхэнэзри «бзэ зыІурыІуа» хьэпшыпщ, цІыхум кьызэринкІа зэманым и зы тепльэпгъуэ щыгъуазэ ухуащ.

Ди жагъуэ зэррыхъущи, ильэс 40 хъу музейр, экспонат миным щІигъу щызэхуэхьэсар, зэщІыпІи щытхэкІи, статус щхьэхуэи иІэкІым. Шэч хэмыльуи, бюджетым хухихауэ ахъши, лэжьакІуи иІэжьым, абы кьыхэкІыуи еджакІуэхэми студентхэми материал купщафІэхэр и чэзум кьагъэсэбэныфІыркъым. Кьуажэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ му зейм щІыхьэнымэ, экспонатхэр хьума хъуным кІэлъыплъ Нурбий и бынхэм ягуныІуэрэ абыхэм бжэр хуІуахьу аращ.

Мыр зэман блэкІам и зы фэеплъ ткІуэпсщ. ЩІэбл зыбжанэрэ кьыхуагъэфэщащ, республикэм и щыпІэ нэхъ дахэхэм, кьэралым и щыналъэ зыбжанэм зыплъыхьакІуэ щыІащ, уеблэмэ а зэманым дуней псом щыщІэрыІуэу щыта «Артек» лагерым зыщІэзыгъэпсэхуаи яхэтщ. Ахэр ныбжьыщІэхэм я псэмыблэж гъэжьыгъэм кьыпэкІуат.

Псэуху музейм телъжащ Нурбий. Кьуажэ музейм щІэль дэтхэнэ зы хьэпшыпри, нобэ яІэщІэхужами, лІэщІыбгъуэхэр кьыІэпызыча хьэпшып телыьджэхэщ.

....Зеикъуэ щІыналъэм кьыщагъуэтыжа, дыжьыным кьыхэщыкІа цІыкІуб Іэпщэхъуэр пльэгъу и нэужь, пщащэ зэкІужым ар и Іэпщэм зэрильам щэч кьытепхьэркьым. Адыгэ уиэм и макетым, уджэмэ, иджыпсту щауэ уардэр кьыщІэзэхьуЖІыкІ уегъэщІ. МэкъумэшыщІэм кьитГэсэбэпу щыта пхъэІэщэм, кьитхъым ди нэхьжь гуащафІэхэр губгъуэм иту уи нэгу кьыщІегъэхьэ. Уиагъэгъэ уэрэкъм щыІэзрахьащ, кьыщагъэсэбэпащ пхъэетур, цІыпхыр, щыр эЪуэщыр станокыр, фэІуадзэр, гухъур. Мы гуэншэрыкъыр щабий икуаУэ щыхуэкІу гуэрым щыгъащ, адэкІэ щыпІпльагу лъэпкъ дамыгъэхэми куэд я нэгу щІэкІащ, жьэгу пащхьэм зэрыщыІэбэу щыта Іэмэпсымэхэми блэкІа зэманым гухэгъэпльэж.

Блэкіа лІэщыгъуэм кьуажэм щыкІуа гъэуэгуанэр ди нэгу кьыщІагъэхьэ ж суратхэм, дэфтэрхэм, письмохэм, тхыгъэхэм. Мы щыпІэм кьыщалъхуа, щыпсэуа кьэрал, жьилагъуэ лэжьакІуэ щэрыуэ зэрыщІэдзар. Ар ящІэрыІуэ Іуданэр ирокІуэ. 38. Зытепсэлъыхьыр зыгуэрым нэхърэ нэхъ жьжьэу зэрыщыгъэ къэзыгъэльагъуэ псалъэ.41. Пхэ лъакъуэ.

ЖыІэгъуэхэр

- Щыхум Іейри фыри иІэщ, къеІыпхъыфыр ууейри.
- Ди кьэухьыр зыфІэмащІэм мыхъумыщІафэ идоплъ.
- Сегупсысыжати, жаІэу кьрагъажьэмэ, щІегъуэжакІэу арац.
- ЩІхьэхунэн щІыхуэгъэн хуэжьыджэрщ, жьдджэрыщ щІыхуэІеймкІэ щхьэхунэщ.
- Іыхьлы-благъэм щэху щІыкІуу кьрамыхьэкІ хамэмк ягъэІуркъым.
- Мыгупсысэу псалъэр куэдщ, ауэ псэлъэн псэлъа нэужь, мыгупсысэжьр мащІэщ.
- Зызыгъэгуэсэм зызытригъэгуэсэри кьыштысыжьркъым.
- Зым и щхьэм темылъ трелъхьэ, адрейм и щхьэ тримыльхьар кьыльос.
- МафІэм пэгъунэгъу лыр мажьэри, пэрыхуэр ес.
- Утыкуэм нэсам гъуанэдэсыр хуопсалъэ.
- ХуэзэфІкІынур Іэпэдэгъэлэл зыщІым, зыпэмылъэщынум зыкІэрещІэ.
- ЯхуэпщІэр зэхамыщыкІкІэ пшІэншэу кІуэдыжьмэ! уэ кьаруу кьыпнелъхьэ.
- ЩІыхуэу кьуатар Іуэхутхьэбзэщ, епТыжар хабжэркъым.
- Кьыхсунщ Іаіамэ, кьыхуеремыщІэж жаІэмэ, Іуэхутхьэбзэм пагъэкІужу арац.
- КьуэмыпсымэкІэ пшэкІэпльэ кьыщІу хуежьэмэ, жэщ вагъуэхэр фагъуэ хъунущ.
- ЩІыльэгуми гъуэгу тет и гугъэжщ жаІэ, абы епльэрэ зи зэманыр блэкІхэм!

БЕЙТЫГЪ ЭЙ Сэфарбий.

Сегупсысыжати, жаІэу кьрагъажьэмэ...

Зэман блэкІам и фэеплъ ткІуэпс

ЖыжьэІ-гъуэгу

Ди кьэралым и щыналъэ зэхуэмыдэхэм кьикІыу ди республикэм щыху куэд дыдэ зыгъэпсэхуакІуэ кьокІуэ. Ахэр кьыдекІуэх ди щІыналъэ дахэм щытещІэ мамырыгъэм, ди хьэуа кьабзэм. Ильэс кьэс республикэм и санаторэхэм кьакІуэхэм я нэхьыбэм мызэ-мытІуэ ди щІыпІэм зыщагъэпсэхуащ. Апхуэдэщ мы махуэхэм «Псей щхьэнтІэхэр» санаторэм зи зыгъэпсэхугъуэр щызыгъакІуэ, Т амбов кьалэм щыщ Грачев эщхьэгъусэхэу Юрийрэ Людмилэрэ. Ахэр ильэс етІуанэ хьуауэ кьокІуэ ди щІыпІэм. «Псом хуэмыдэу дыдихьэхащ кьалэр щхьэантІагъэр ебэкІыу зэрыгъэщІэрэщІам, - жаІащ эщхьэгъусэхэм. - Зыщыдгъэпсэху санаторэм и гугъу пщІымэ, абы и лэжьакІуэхэр щыхьэгъэ пльагъэ зыхэль, хьэл-щэн зэпІэзэрыт зиІэхэщ. У нэм ихъуреягъ щІыналъэр сытым щыгъуэи зэльыІухащ, пэшхэр кьабзэщ, хуитщ, ерыскьы зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ дагъафІэ. Ауэ псом хуэмыдэу дигу ирихьар икІи гъэщІэгъуэн тщыхъуар санаторэхэм я пщафІэхэм яГъэхьэзыра Іэфы кІэхэм я гъэльэгъуэныгъэщІ».

Сурэтыр КЪАРЕЙ Эллинэ *трихащ.*

БАЛИГЪ мыхъуахэм я узыншагъэр щызэфІагъэувэж, гъащІэм щыхагъэзагъэр центру Куба къуажэм дэтым иджыблагъэ яхуеблагъар филологие щІэныгъэхэм я доктор Щоджэнц Іыкъу Нинэ.

Центрым и гъэсэнхэм Нинэ яхуищІа гулъытэм ныбжьыщІэхэм гушхуэныгъэ къахилъхьащ. Абы сабийхэм Іэфы кІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр яхуишащ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр я гур зэІуахуэ ныбжьыщІэхэмрэ хьэщІэмрэ зэрызэпсэлъарщ. ГъащІэм и зэхэлъыкІэм, абы узыщрихьэлІэ гугъуехьэхэм цІыхухэр нэхъ псыхьа зэрищІым, нэгъуэщІ куэдми тепсэлъыхьыу Щоджэнцыкіур куэдрэ ябгъэдэсащ сабийхэм. Езы ныбжьыщІэхэмрэ я хьэщІэм и гуапэ ящІу абы и адэ, усакІуэ, тхакІуэ цІэрыІуэ Щоджэнц Іыкъу Іэдэм и Іэдакъэщ Іэкіэм Іэхуауэ къеджащ.

А махуэм Щоджэнцыкъу Нинэ сабийхэм гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэу къаритар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ, Шэч хэлъкъым ар ныбжьыщІэхэм куэдрэ фІыкІэ ягу къыззрагъэкІыжынум.

Ди Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ псоми къабгъэдэкІыу Нинэ фІыщІэ худощІ, и лэжьыгъэм и хьер илъагъуу, узыншагъэ быдэ иІэу куэдрэ Тхъэм игъэпсэу!

НАРТОКЪУЭ Анжелэ.

Гъатхэр гъэгъа нэгумэ...

- Блэгъум уегъуну фІыкъым, лыр сэкІэ къыкІэрыбгъэжу пшхын хуейщ.
- Гъатхэм япэу хьэндыраб гъуэ плъыжь пльагъуну фІыщ.
- Гъэр гъэфІмэ, пшагъуафэщ.
- Гъатхэр гъэгъа нэгумэ, бжьыхьэр гъавэ гуплІэщ.
- Джэдкъазым и лъэпкъыпІри бгъэхьуну фІыкъым.
- Жэщыр бзыгъэмэ - щІыІэщ, уфамэ, пшагъуэмэ - хуабэщ.
- Зи кьупщхь кьута сымаджэр щыхеІм деж, къэмыскІэн щхьэкІэ жаІэрти, и уэншэжу щІагъым гъущІыпэ щІадзырт.

Ди кьэралым и щыналъэ зэхуэмыдэхэм кьикІыу ди республикэм щыху куэд дыдэ зыгъэпсэхуакІуэ кьокІуэ. Ахэр кьыдекІуэх ди щІыналъэ дахэм щытещІэ мамырыгъэм, ди хьэуа кьабзэм. Ильэс кьэс республикэм и санаторэхэм кьакІуэхэм я нэхьыбэм мызэ-мытІуэ ди щІыпІэм зыщагъэпсэхуащ. Апхуэдэщ мы махуэхэм «Псей щхьэнтІэхэр» санаторэм зи зыгъэпсэхугъуэр щызыгъакІуэ, Т амбов кьалэм щыщ Грачев эщхьэгъусэхэу Юрийрэ Людмилэрэ. Ахэр ильэс етІуанэ хьуауэ кьокІуэ ди щІыпІэм. «Псом хуэмыдэу дыдихьэхащ кьалэр щхьэантІагъэр ебэкІыу зэрыгъэщІэрэщІам, - жаІащ эщхьэгъусэхэм. - Зыщыдгъэпсэху санаторэм и гугъу пщІымэ, абы и лэжьакІуэхэр щыхьэгъэ пльагъэ зыхэль, хьэл-щэн зэпІэзэрыт зиІэхэщ. У нэм ихъуреягъ щІыналъэр сытым щыгъуэи зэльыІухащ, пэшхэр кьабзэщ, хуитщ, ерыскьы зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ дагъафІэ. Ауэ псом хуэмыдэу дигу ирихьар икІи гъэщІэгъуэн тщыхъуар санаторэхэм я пщафІэхэм яГъэхьэзыра Іэфы кІэхэм я гъэльэгъуэныгъэщІ».

Сурэтыр КЪАРЕЙ Эллинэ *трихащ.*

Іей мыхъу фІы хъужьыркъым

- Псыхъуэжь и псы жапІэ игъуэтыж.
- Шыр лъакъуилпІ пэтрэ мэлъэпэрапэ.
- ЩІэщхъу зыщІэ къыщІэкъуэркъыаым.
- Дэтхэнэ зыми чэзу иІэщ.
- Джанэ мылажьэрэ лажьэ мыуэтэжрэ щыІэкъым.
- Зы сампІэм ситІ эдиэхуэркъым.
- КъуанщІэр уи пашэмэ, бзаджэм ухуешэ.
- Іей мыхъу фІы хъужьыркъым.

Хъуэхъуэхэр

Тэрч районым хьхьэ Новэ Хьэмидей къуажэм щыпсэу Кьандур Долэ Алихьан и пхъур кьыщІатхуа махуэІ, и ныбжьыр итхъэ 75-рэ прокъу

Фіыуэ тІъагъу, пщІэ зыхэтщІ ди нэхъыжьыфІ! Анэкьнпхъу гумащІэу, шыпхъу гуапэу, ди дунейгъэдахэу удиІэщи дрогушхэу. Дунеим и щІэрэщІэгъуэ гъатхэм уи махуэр уогъэпльапІэри, уузынщэу, дэрэжьэгъуэм ущымыщІэу, уи щІэблэм урипагэу, уи гур зыхуеІэм уи пльэр иэсу, дэри дыбдэгуфІэу уи ильэсищэр дгъэпльэпІэну ди нэхъуэхъу.

Уи шыпхъу ЛІидз, абы и бынхэр, и нысэхэр.

Махуэ Моцэ Пымыш и къуэм и ныбжьыр итхъэ 70 прокъурэ, дохъуэхъу

Адэжь хэкум хуиІэ лъагъуныгъэр зэрыкуурэ, и пщІэкьым зэрыригушхэр хьэкъ пщещІ икІи узрегъэхъуапсэ, пщІэ зыхууегъэщІ, гум дыхьэ, цІыхугъэшхэу зыдэпльагъу Махуэ Моцэ. Зи гур зэІуха, зи псэр кьабзэ ныбжьэгъум гуапагъэрэ щабагъэкІэ уи дунейр гъэнщІащи, уи жьэгур уардэнэу, хьэщІэ єпІысэхыпІэрэ унапІэ махуэу, уи быным уряущиякІуэрэ абыхэм я щІэблэм я гъуэгугъэльагъуэу, уи щхьэгъыСэр кьыпкъуэту, гъащІэм гу щыпхуэрэ дэрэжьэгъуэр уи куэду уи гъуэгуанэр кІыхь хъуну дыонохъуэху.

Фіыуэ укъэзыльагъу, пщІэ кьыпхуэзыщІ уи ныбжьэгъуэхэр.

Зенкъуэ кьуажэм щыпсэу Джэдгъэф Хьэбибэ Шыхьбан и пхъур кьыщІатхуа махуэщІ, дохъуэхъу

Зыхуэдгъадэ щымыІэу фІыуэ тІъагъу мамэ, ди анэшхуэ! Ди ущиякІуэу, чэнджэщэгъу Іущым, щыху щабэм, гуапэм уи узыншагъэр уи гуащІэрэ мыкІэущІу, дэрэжьагъуэ уиІэу, быным, абыхэм я щІэблэм я насыпым уи псэр игъэгуфІэрэ уи гум ехуэбылІэу, гъащІэм абы и Іэфы кІэ псоми зыхэпщІэу куэдрэ укъытщхъыщытыну дыонохъуэху.

Ми бынхэр, къуэрыльхуэпхъурытхуэр, уи ныхъыхэмрэ благъэжьмрэ.

Псальэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5.** Мет. **7.** Зэран хъу уда лъэпкъ. **10.** Зы ильэскІэ фІэкІа къэмыкІ хадэхэкІ. **12.** Мэз пхъэщхьэмыщхьэ. **13.** Зыгуэр щащэ-кьыщащэхум деж уасэр зэральытэ дамыгъэ. **14.** Зыгуэр кьыззэреузыр кьыззэрагъэльагъуэ псалъэ. **15.** Усэ зэхэзыльхьэ цІыкІу. **17.** Адыгэ унэщІ. **18.** «...нэщІ нэхъ щыІэщІ». **19.** Уиагъэм щыззэрадзэ Іэмэпсымэ. **21.** Шы зыщІащІэ гу. **23.** «Уэным ...ешуэт». **25.** «...-м и гупэр пхъум и джанэщ». **26.** Мэзыш. **27.** Удз лІэужьыгъуэ. **28.** Зи ныбжь хэкІуэта цІыкІубз. **29.** Зыгуэр щыщ. **30.** Шым и кІуэкІэ. **31.** Іэщ егъэзэнІэ. **32.** Пщаохъуэ ПІэтКІуам кьыхэщыкІа пкъыгъуэ. **33.** «...-р зэрыкІуэм Іуданэр ирокІуэ». **38.** Зытепсэлъыхьыр зыгуэрым нэхърэ нэхъ жьжьэу зэрыщытыр къэзыгъальагъуэ псалъэ.**41.** Пхэ лъакъуэ.

43. Мэкъумэш Іэмэпсымэ. **45.** ГъащІэ гъуэзэджэ.**48.** Кьуалэбзу лъэпкъыгъуэ. **51.** «... уиІэмэ уанэ бгъуэтынщ». **52.** ХьэкІэхъуэкІэ цІыкІу. **53.** Адыгэ унэщІэ. **56.** Шы лъэпкъ. **57.** Іэщ яуклам и пкъым щыщ Іыхьэхэу шхын папщІэу ягъэхьэзырыр. **58.** НэщІащам куууэ ис нэ. **62.** Хадэхэм. **64.** Адыгэ унэщІэ. **65.** Удз лІэужьыгъуэ. **66.** Фэхэр, цыхэкІ щэкІэр зышх бащдзэ цІыкІунитІэ. **67.** Щыгъын щІыІутелъ. **68.** ГуфІэгъуэ зимыІэ.

Кьехуу: **1.** Бжьыгъ. **2.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **3.** Пхъар джафэу зэраупс Іэмэпсымэ. **4.** Нэмэз щІыным и пэкІэ духьэ кьабжэрэ Іэри, лъакъуэри, напэри зэратхэщІым зэреджэ. **6.** Кьурш лъагэ. **7.** Удз лІэужьыгъуэ. **8.** Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ. **9.** Егъэлеяуэ пшэр. **11.** Адыгэ унэщІэ. **16.** Сабий усакІуэ. **20.** ЛжьапщІэ.

21. Шабзэм и пэм фІэлъ папцІэр. **22.** ЩІынІэ сэтей. **23.** Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ. **24.** Іэщэ лІэужьыгъуэ. **25.** Гъавэ щахьумэ псэуалъэ. **34.** «...-м я нэхъ мыгъуэмиш шыгъуэ пІастэрэ уигъэшхынщ». **35.** Адыгэ унэщІэ. **36.** Пьэдий пэштуэ, пкъы щабэ зиІэ къэжьІыгъэ щхьэцІэнтІэ лъахъэщ. **37.** Зэпэщыт джабитІыр зэкІащІмыгъэжІын-зэкІащІимыгъэхьэн папщІэ якум хагъэувэн зэреджэ. **39.** Бгы дажьбэм иІэ теуВапІэ. **40.** Хьэфэм кьыхэщІыкІа вакъэ. **41.** Адыгэ унэщІэ. **42.** «... и пІэ ... Аллэ». **43.** «... хуэфащэн и льэхъэщ». **44.** ХьэкІэхъуэкІэ. **46.** «... Іейм унафэр унэм ирех». **47.** Дон псым адыгэр зэреджэ. **49.** «...-р мыгъуэщІ, бын мыгъуэр Іэфіщ». **50.** «... зиІэм уахъты иІэщ». **53.** «...-м и кІэр уджщ». **54.** «... нэщІ нэхърэ хадэ нэщІ». **55.** Шхын хальхьэу кьагъэсэбэп. **59.** Лы мащІэ зытепІ, уэд. **60.** «...-р кьэкІуэгъуафІэ цІыкІэ кІуэжьыгъуафІэжьым. **61.** МыцІыкІу, абрагъуэ. **63.** Бдзэжьей лІэужьыгъуэ.

Зэхэзыльхьар АКЪСЫРЭ Резуанщ.

Накъыгъэм и 5-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **3.** «Тисей». **6.** Саня. **7.** Тхъугъэ. **11.** ЦІагъэ. **12.** Чэзу. **14.** Амман. **17.** Абгуэ. **18.** «Гулэз». **19.** Алімэ. **20.** Абей. **21.** «Азау». **24.** Бжьыр. **25.** Тхыдэ. **26.** Азэт. **28.** Лацэ. **29.** Црым. **31.** Хьэгъуэ. **32.** Бланэ.

Кьехуу: **1.** «Мимэ». **2.** Мест. **4.** «Нанэ». **5.** Бгъэч. **8.** Дадэ. **9.** Дамэ. **10.** Бзэгу. **13.** Абазэ. **14.** Ахьмэт. **15.** Набдзэ. **16.** Бэчьокъ. **22.** Уэзы. **23.** «Тыгъэ». **24.** Бицу. **27.** Тырку. **28.** Лэгъуэ.**30.** Молэ.**31.** Хьэнш.

КЪУНЫЖЬ ХЬэІишэт

Узыбгынахэр, Хэку, щІигъуауэ зы лІэщІыгъуэ
Ягу кьыпщІэбгъыу уэркІэ, мес мэщыгъуэ.
Хэкужьым нкІыжьхэр зэрогъуэт,
Адыгэ бынщ, нэгъуэщІ зи бынхэр хэт?
Хэхэсри хэт? Мэхъуж зыхэсым щыщ.
СоупщІыр жэщым, ауэ ар схуэщымщ,
СоупщІ кьэкІуэнум, сфІощІри ар мынэжу,
Гугъэ худнІэр ди зэжуэр щэхущ.

* * *

Сыт дунейм насыпу щыІэр
Уи Хэкужь уисыжьм,
Уи адэ-анэм я Іэгу-пщыІэм
Гуапэу ущІэсыжьым.
Сыт дунейм насыпу щыІэр
Кьалэмыр пІэщІэтыым,
Уиэувм жьыбгъэ щыІэм,
МафІэм уи гуэгъыр.
Сыт дунейм насыпу щыІэр
Закъэныгъэр бгъащІэу,
Уи ныб жьэгъум хуэпший уи Іэр
Сэламыхьу пІащІэм.
Птхар насыпщ - гурыщІэм нэсым,
Япхъуэтамэ щІэблэм,
Дыгъэ бзийр, кьурышхьэ уэсыр,
Уи нэхэм кьыщІэпльэм.

ЖыжьэІ-гъуэгу

Зэман блэкІам и фэеплъ ткІуэпс

ЖыжьэІ-гъуэгу

Зэман блэкІам и фэеплъ ткІуэпс

Нэщэнэхэр

Гъатхэр гъэгъа нэгумэ...

Псалъэжьхэр

Іей мыхъу фІы хъужьыркъым

Хъуэхъуэхэр

Тэрч районым хьхьэ Новэ Хьэмидей къуажэм щыпсэу Кьандур Долэ Алихьан и пхъур кьыщІатхуа махуэІ, и ныбжьыр итхъэ 75-рэ прокъу

Махуэ Моцэ Пымыш и къуэм и ныбжьыр итхъэ 70 прокъурэ, дохъуэхъу

Зенкъуэ кьуажэм щыпсэу Джэдгъэф Хьэбибэ Шыхьбан и пхъур кьыщІатхуа махуэщІ, дохъуэхъу

Гулъытэ

Сабийхэр игъэгушхуащ

Іэфыр зыгъэхьэлІэн

- Уеплъмэ, банэ топ, и пэр умыльагъу.
- Уэнэ мкІ, щІым мкІыж.
- Фыз фІыцІэ изгъуд, щІым дыд хэзыІу.
- ЩІыхупІэ ищІыкІкІэ мэзышхуэ.
- Іэфыр зыгъэдыдж, дыджыр зыгъэІэфІ.

Жэуапхэр:

Пажьэфыр, Іуфэрэ, Іэшхэ, Шэрэ, Шэрэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар �щХЬэ�щЭМЫЩІ Иэзщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬАКІЭМЫХЪУМаринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхъ секретарь), ГъущІэ Зариф, Жылаеэ Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и щхьІ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмр лъэпкъ Іуэхуэхмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмр экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядджэлъымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэр, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджакІуэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; здэщІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемк - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльакІэр зэтехуэ зэпыту щытекІым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ягъуаи.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м ЩІнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкі и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щхьІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редакторуУ эдокъуэ Жеиня, корректорэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нат.)*, ПкъыІыкІ Юрэ *(1, 2-нэ нат.)*, корректорхэм я дІэпыкьуэгъуэ Къунащ Залинэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэ ящІаи:* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.289 ●Заказ №1396